



Pou Piblikasyon Imedya: 10/23/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$1 MILYON NAN SIBVANSYON FINANSMAN POU SIPÒTE ANTRE NAN ARGO-BIZNIS NEW YORK

Kounye a yap aksepte aplikasyon pou Pwogram Finansman Sibvansyon pou nouvo agrikiltè 2016 ansanm avèk Pwogram Padon Prè pou Jèn Agrikiltè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$1 milyon nan finansman ki disponib pou ede nouvo agrikiltè yo kòmanse karyè yo. Kounye a se dezyèm ane, Fon Sibvansyon Nouvo Agrikiltè Eta New York ap bati pou yon ane 2015 ki gen siksè lè yo te bay plis pase \$610,000 a 19 fèm nan eta nan fason pou sipòte kwasans kontinyèl endistri agrikòl New York.

“Agrikilti rete yon endistri enpòtan nan New York e li se yon pati esansyèl nan ekonomi eta sa,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou kreye nouvo opòtinite pou agrikiltè ki fenk kòmanse yo elaji ak divèsifye pwodiksyon agrikòl yo nan eta, nap ranfòse kwasans nan sektè sa epi ede pou asire vitalite l pou ane kap vini yo.”

Fon Sibvansyon \$1 milyon pou nouvo agrikiltè yo ap bay sibvansyon jiska 50 pousan nan pri total pwojè a. Fon yo ka bay yon minimòm \$15,000 ak yon maksimòm \$50,000 pou jiska 50 pousan nan depans pwojè a e benefisyè a matche rès 50 pousan.

Depans pou pwojè elijib yo enkli acha machinri pou fèm, founiti ak ekipman, ak konstriksyon oswa amelyorasyon etablisman fèm yo. Empire State Development, an konsiltasyon avèk Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York, ap jere fon an ki kounye a ouvè pou agrikiltè New York yo nan premye dizan ke yo gen yon fèm kap fonksyone sou 150 kawotè oswa mwens.

Aplikasyon an ak gid pou Fon Sibvansyon Nouvo Agrikiltè Eta New York yo disponib sou entènèt e delè pou soumasyon an se 22 janvyè 2016. [Klike la](#) pou toulède aplikasyon ak gid la.

Prezidan Komite Agrikilti Sena Patty Ritchie te deklare, “Agrikilti se youn nan endistri New York ki pi ap devlope, e si nou vle l kontinye grandi, nou bezwen asire ke nou depoze travay fondasyon pou avni l. Antanke Prezidan Komite Agrikilti Sena, Mwen te kontan dèske m te plede pou finansman sibvansyon pou Nouvo Agrikiltè yo, sa ki pral ede asire ke sila yo ki enterese nan pouswiv karyè agrikilti anmezi pou achte ekipman,

founiti ansanm avèk lòt bagay ki nesèsè pou yo dige nan epi fè biznis agrikilti reyisi.”

Prezidan Asanble Komite Agrikilti Bill Magee te deklare, “Konsomatè New York yo renmen kalite manje ak bwason nou yo ki pwodui lokal. Men yo pap ka jwenn manje sa amwenske nou gen yon sous jèn agrikiltè ki byen fòm avèk zouti yo bezwen pou simonte difikilte pou kòmansè oswa pran anchaj yon fèm. Pwogram sibvansyon ak padon prè a ap asire ke pwochen jenerasyon agrikiltè yo jwenn èd ke yo bezwen pou reyisi.”

Anplis Pwogram Rekonpans Padon Prè pou Jèn Agrikiltè yo nan Eta New York, sa ki ankouraje nouvo gradye kolèj yo pouswiv karyè nan agrikilti nan Eta New York, kounye a ap aksepte aplikasyon pou 2016. Pwogram Rekonpans lan disponib grasa Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè Eta New York, bay prim padon prè a moun yo ki resevwa yon diplòm premye sik nan yon kolèj Eta New York apwouve oswa inivèsite e ki dakò pou fonksyone yon fèm nan Eta New York, sou yon baz aplentan pandan senkan. Nan premye ane l, yo te bay finansman pou jiska 10 prim e yo te bay tout agrikiltè ki kalifye tout 10 prim yo.

Aplikasyon pou Pwogram Padon Prè pou Jèn Agrikiltè yo disponib sou entènèt e delè pou soumèt aplikasyon an se 1ye desanm 2015. [Klike la](#) pou aplikasyon an.

Prezidan, PDG & Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Fon Sibvansyon Eta New York pou nouvo Agrikiltè yo ap sipòte ekspansyon ak divèsifikasyon biznis agrikilti nan tout eta epi pèmèt agrikiltè ki fenk kòmansè yo pou pote operasyon yo nan pwochen nivo a.”

Komisyonè Agrikilti Eta New York Richard A. Ball te deklare, “Nan kad sipò Gouvènè a biznis agrikilti eta nou an, endistri a kounye a vin pifò pase anvan. Premye seri sibvansyon finansman pou nouvo agrikiltè yo ap pwouve ke lap reyisi e kounye a pwogram ane sa ap bay opòtinite pou nou agrandi etandi nou menm pi lwen. Nap rete tann pou nou bay yon kout pous a pwochen jenerasyon agrikiltè yo epi konble eka resous ki nesèsè pou ede devlope avni agrikilti nan eta nou an.”

Prezidan pa entèrim New York State Higher Education Services Corporation Elsa Magee te deklare, “Li esansyèl ke nou sipòte sous jèn agrikiltè yo nan pwofesyon agrikilti a, ak itilizasyon konplè Pwogram Rekonpans Padon Prè pou Jèn Agrikiltè yo nan ane inogiral li demontre bezwen pou kalite asistans edikasyon sa.”

Prezidan Biwo Fèm New York Dean Norton te deklare, “Agrikiltè kap kòmansè yo se yon resous enpòtan pou avni agrikilti New York menm jan avèk dlo ak tè. Fon sibvansyon ak pwogram padon prè a ap kòmansè investisman ki nesèsè ki kapab endispansab pou fèm kap grandi yo e anretou sipòte ekonomi agrikòl nan tout eta.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418